



Pou Piblikasyon Imedya: 15/08/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL AKÒDE KLEMANS POU TRÈZ MOUN

*Li kontinye akonpli angajman pou akòde klemans sou yon baz kontinyèl*

***Baze sou efò Gouvènè a pou refòm pwosesis klemans lan, tankou konvoke yon Komite Konsiltatif ki gen ladan Ekspè san Patipri, dedye lòt resous imèn ak ogmante kominikasyon avèk aplikan yo***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te akòde klemans sou fòm padon pou 13 moun. Aksyon sa a rekonèt moun ki te demontre remò, ki pwouve reyabilitasyon, epi ki montre yon angajman pou amelyore tèt yo ak kominote pa yo. Aprè mizanplas refòm pwosedi yo pou ranfòse pwosesis klemans lan, Gouvènè Hochul te akòde yon total 107 klemans pandan manda li.

"Lè m te antre an fonksyon, mwen te pwomèt pou m refòm pwosesis klemans lan lè m pote plis transparans ak analiz ekspè pou chak ka yo pote ban mwen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Aprè bon jan refleksyon, m ap akòde klemans pou trèz moun ki te demontre yo regrèt aksyon yo epi ki montre yon angajman pou amelyore kominote yo."

Biwo Gouvènè a te franchi yon kantite etap pou amelyore transparans ak kominikasyon nan pwosesis klemans lan. Biwo Klemans Egzekitif (Executive Clemency Bureau) la te aplike yon nouvo politik pou voye lèt regilye bay moun ki gen aplikasyon pou klemans, pou enfòmasyon sou sityasyon ka yo, epi bay enfòmasyon sou fason pou soumèt enfòmasyon siplemantè pou sipòte aplikasyon pa yo. Biwo Gouvènè a te lanse tou yon sit entènèt ki ajou pou ede moun ki aplike pou klemans yo nan pwosesis aplikasyon an; sit sa a gen ladann modèl fòm aplikasyon pou demann klemans pou padon ak komitasyon pou bay aplikan yo plis konsèy sou ki enfòmasyon yo dwe mete lè y ap aplike.

Gouvènè a te konvoke tou yon Komite Konsiltatif pou Klemans (Clemency Advisory Panel) ki gen ladann ekspè san patipri pou ede konseye Gouvènè a sou aplikasyon klemans yo. Aprè rekòmandasyon Komite Konsiltatif Klemans lan, Gouvènè Hochul ap akòde padon pou 13 moun.

**Padon yo**

Moun sa yo ki te jwenn padon te mennen yon vi san krim pandan yon bon bout tan — e nan anpil ka, pandan plizyè deseni — epi yo te kontribye yon fason pozitif nan kominote yo. Plizyè nan moun k ap resevwa padon jodi a te kondane pou yon deli pandan yo t ap viv nan Eta Nouyòk, men depi lè sa yo te demenaje ale nan lòt eta. Moun sa yo k ap benefisye padon yo, kondanasyon penal yo kontinye afekte lavi yo. Padon Gouvènè a akòde yo pral ede soulaje difikilte sa yo.

Theodore Goodman, 43 ane, te kondane pou Posesyon Kriminèl Sibstans Kontwole nan Senkyèm Degre an 2003.

Hansel Dorsey, 64 ane, te kondane pou Lavant Kriminèl Sibstans Kontwole nan Katriyèm Degre, ak Tantativ Posesyon Kriminèl Sibstans Kontwole nan Setyèm Degre an 1991 ak 1988.

Maryann Smith-Jackson, 65 ane, te kondane pou Lavant Kriminèl Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre an 1989.

Stephen Gary, 56 ane, te kondane pou Posesyon Kriminèl Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre an 1993.

Ernesto Muñoz, 58 ane, te kondane pou Tantativ Posesyon Kriminèl Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre ak Lavant Kriminèl Sibstans Kontwole nan Senkyèm Degre an 2005.

Frank Merola, 52 ane, te kondane pou Lavant Kriminèl Sibstans Kontwole nan Katriyèm Degre an 1997.

Ruben Abreu, 61 ane, te kondane pou Lavant Kriminèl Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre an 2001, ak paske l Pa t Parèt nan Tribinal apre Libète sou Kosyon nan Premye Degre.

Jimmy Jean-Baptiste, 42 ane, te kondane pou Ensandi Kriminèl nan Katriyèm Degre an 2008.

Giovanni Ordonez, 60 ane, te kondane pou Tantativ Vòl Kalifye nan Twazyèm Degre, ak Posesyon Kriminèl Byen li Vòlè nan Premye Degre an 1988 ak 1986.

Hector Zelaya Quinonez, 65 ane, te kondane pou Zak Kriminèl yon zam nan Katriyèm Degre, ak Tantativ Posesyon Kriminèl yon Zam nan Twazyèm Degre an 1986 ak 1984.

Susannah Morgan-Thomas, 60 ane, te kondane pou Agresyon nan Twazyèm Degre an 1989.

Zhi Yong Yu, 49 ane, te kondane pou Vòl nan Dezyèm Degre an 1992.

Sammy Vatthanavong, 52 ane, te kondane pou Omisid San Entansyon nan Premye Degre an 1990.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)